


Plan leson pou liv : *Yon mango pou Gran Papa*

Tit leson an: Anbranchman jeneyalojik

Se Laissa Moïse ak Jemima Morinvil ki ekri plan leson sa a

Deskripsyon :



Nan leson sa a, elèv yo pral trase istwa fanmi yo soti depi sou gran gran paran yo, yon fason pou yo konnen kote rasin fanmi an soti epi pou yo rive apresye eritaj zansèt yo.

Objektif :

Nan fen leson sa a, elèv yo pral kapab :

1. Trase istwa fanmi yo epi konnen kèk detay sou biyografi gran gran paran ak gran paran yo — tankou non yo, kote yo te fèt e ki metye yo te genyen.
2. Aprann e konprann mo ki sèvi pou esplike relasyon ki egziste ant chak manm nan yon fanmi — tankou « manman » ak « papa » , « madanm » ak « mari », « sè » ak « frè », « matant » ak « tonton », « kouzen » ak « kouzin », e latriye.
3. Desinen epi ranpli yon anbranchman jeneyalojik.

Aktivite pou ti moun yo :

Desinen yon anbranchman jeneyalojik ki gen espas pou w mete relasyon ki egziste ant chak manm nan fanmi an. Prepare yon dokiman ki gen tout

enfòmasyon ou genyen sou relasyon ant chak manm nan fanmi an. Ekri yon lèt voye bay paran yo avan dat pwojè a rive — yon fason pou paran yo ka ede ti moun yo ak devwa a. Sa t ap bèl nèt si ti moun yo te ka ajoute foto chak moun ki nan anbranchman jeneyalojik la.

Aktivite pou anseyan yo :

1. Esplike elèv yo ki sa ki yon anbranchman jeneyalojik.
2. Ba yo egzantp yon anbranchman. Fè yo pale sou relasyon ki genyen pami moun nan yon menm fanmi.
3. Distribye fèy papye blanch nan klas la epi mande elèv yo desinen yon pye mango pou yo ka mete non fanmi yo ladan.
4. Chak elèv ap ekri yon ti istwa pou yo pale de yon moun ki espesyal pou yo nan fanmi an ak rezon ki fè moun sa a enpòtan.
5. Mande chak elèv pou yo ekri de twa paragaf ki pale de istwa fanmi yo.
6. Egzanp anbranchman jeneyalojik : Sèvi ak chak mango kòm espas pou w mete non pa w ak non moun ki nan fanmi w ladan ; kon sa branch nan pye mango a ap tou vin reprezante relasyon ki egziste pami moun sa yo ki nan fanmi w . Epi tou, an n sonje gen ti moun ki grandi e ki jwenn lanmou nan divès modèl fanmi ki diferan de kad tradisyonèl la. Ki vle di : fanmi ti moun sa yo ap gen anbranchman jeneyalojik ki pa menm ak egzantp anbranchman ki nan imaj ki an ba la a. Nan anbranchman jeneyalojik pou fanmi sa yo, yon ti moun ka gen yon (1) grenn paran ke l rekonèt oswa li ka gen plis pase de (2) paran. Epi gen ti moun ki ka jwenn lanmou ak laswenyay nan men moun

ki pa ni « papa », ni « manman » nan sans tradisyonèl la. Ki donk, nou ka mande ti moun yo pou yo modifye pye mango ki nan imaj la e pou yo kreye modèl fanmi ki pi matche ak sa yo viv nan lavi tou lè jou pa yo. Egzanp sa yo ava montre se lanmou ki kreye fanmi.

